# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–19 जुलाई 2024 भोजपुरी समाचार

केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहले हवे कि प्राकृतिक खेती के बढ़ावा देवे खातिर भारत सरकार किसानन के सब्सिडी दिहले पर विचार कइ रहल हवे। सरकार प्राकृतिक खेती करे वाले किसानन के प्रमाणन क इतेजाम कइ के तीन साल ले क्षतिपूर्ति खातिर उनकरे खाता में पईसा भेजी लखनऊ में प्राकृतिक खेती के लेके आजु आयोजित कार्यक्रम में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के मौजूदगी में केन्द्रीय कृषि मंत्री कहले कि प्राकृतिक खेती से न त उत्पादन कम होइ अउर न त भंडारण में कमी आयी। उहां के प्राकृतिक खेती बदे किसानन के जागरूक कइले पर जोर देत कहली कि **(बाइट–केन्द्रीय कृषि मंत्री)**

कार्यक्रम में गुजरात क राज्यपाल आचार्य देवब्रत, प्रदेश क कृषि मंत्री सूर्य प्रताप शाही अउर कृषि राज्य मंत्री बलदेव सिंह औलखों मौजूद रहले।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कृषि कार में ढेरे रासायनिक उर्वरकन के प्रयोग पर चिन्ता जतावत कहले हवे कि ढेरि फर्टिलाइजर के इस्तेमाल के नाते आजु कैंसर ट्रेन चलवले क नउबति आ गइल हौ। मुख्यमंत्री आजु लखनऊ में प्राकृतिक खेती के विज्ञान पर क्षेत्रीय परामर्श कार्यक्रम के संबोधित करत रहले। उहां के कहलीं कि रासायनिक खाद के तौर पर धीमा जहर हमरे धमनियन में घुसि रहल हवे। मुख्यमंत्री येह बाति पर जोर दिहलें कि हमनी के बीया से ले के बजारि ले कृषि उत्पाद के प्राकृतिक स्वरूप के बनावल रक्खे के होई। कार्यक्रम में मुख्यमंत्री एगो खास घोसणा करत बतवलें कि प्रदेस में जल्दिये एगो कृषि विश्वविद्यालय के प्राकृतिक खेती बदे समरपित कइ दिहल जाई।

**********

चंडीगढ़ डिब्रूगढ़ एक्सप्रेस ट्रेन हादसा में मरे वालन क संख्या बढ़ि के चारि हो गइल हौ। एगो मनई लखनऊ के अस्पताले में दम तूरि दिहलस जबकि रेल ट्रैक साफ करत समय ट्रेन के बैगन कोच से एगो अउरियो लासि बरामद कइल गइल। दुइ गो अउरियो घाही लोगिन क हालति गम्हिराहे बनल हवे। रेलवे से मिलल जनकारी के हिसाबि से काल्हि दुपहरिया चंडीगढ़ से डिब्रूगढ़ जा रहलि **एक पांच नौ सुन्न चारि** एक्सप्रेस ट्रेन क एक्कइस गो डिब्बा पटरी से उतरि गइले के नाते तीस जने घाही हो गइलें। हादसा के बादे लखनऊ–गुवाहाटी मुख्य रेलमार्ग के बहाली क कार युद्ध स्तर पर चलि रहल हौ। येह बिच्चे रेलगाड़ियन के मनकापुर–अजोध्या–बाराबंकी–लखनऊ रूट से डायवर्ट कइल गइल हौ।

**********

प्रदेस में बिहने एक दिन में छत्तीस करोड़ पचास लाख से बेसी पौधा लगा के सरकार एगो नया कीर्तिमान बनावे क तइयारी कइ रहल हौ। पेड़ लगाओ–पेड़ बचावो जन अभियान के नारा से सुरू होखे वाला पौधरोपण क सुभारम्भ मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बिहने लखनऊ के अकबरनगर क्षेत्र में करिहें। मुख्यमंत्री के निरदेस पर सज्जो परभारी मंत्री अउर जनप्रतिनिधि अपने–अपने जिलन में पौधरोपण अभियान क अगुआई करिहें। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदियो एक पेड़ मां के नांव लगवले क आवाहन सज्जो लोगिन से कइले हवें।

**********

मेडिकल प्रवेश परीक्षा, नीट यूजी में सामिल सज्जो परीक्षार्थियन के परीक्षा क रेजल्ट बिहने दुपहरिया बारह बजे ले केन्द्रवार अउर सहरवार राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी–एनटीए के वेबसाइट पर जारी भइले क ओम्मेद हौ। सुप्रीम कोर्ट काल्हि नीट से जुड़ल याचिका पर सुनवाई करत येह बारे में एनटीए के आदेसित कइले रहल। मेडिकल प्रवेस परीक्षा से जुड़ल करीब चालीस याचिकन पर सुप्रीम कोर्ट में अगिला सुनवाई बाइस जुलाई के होई।

**********

वाहन के विंड स्क्रीन पर जानिबूझि के फास्टैग नाही लगावे वाले वाहनन से दुगुन्ना सुल्क ओसूलल जाई। भारतीय राष्ट्रीय राजमार्ग प्राधिकरण, एनएचएआई येह बारे में जारी दिसा–निरदेस में कहले हवे कि विंड स्क्रीन पर जानिबूझि के फास्टैग नाहीं लगवले से टोल प्लाजा पर अनावस्यक देरी होला। एहसे अउरियो वाहनन के परसानी क सामना करे के परे ला।

**********

रीयल एस्टेट के क्षेत्र में खरीदारन के भ्रामक विज्ञापन के धोखा से बचावे खातिर उत्तर प्रदेस रीयल एस्टेट रेगुलेटरी अथॉरिटी–रेरा खास पहल कइले हौ। एकरे तहत रेरा की ओरि से रीयल एस्टेट के पंजीकृत परियोजनन के एगो खास क्यूआर कोड दीहल गइल हौ। कउनों परियोजना में निवेस बदे इच्छुक मनई अपने मोबाइल फोन से येह कोड के स्कैन कइ के रेरा के पोर्टल से परियोजना आ प्रमोटर से जुड़ल सज्जो जनकारी असानी से पा सके ला। रेरा क अध्यक्ष संजय भूसरेड्डी कहले हवें कि खरीदार रीयल एस्टेट के विज्ञापनन में प्रकासित विवरण क सत्यता परखि के खरीदारी तय करें।

**********

प्रदेस के कई जिलन में बाढ़ि के हालति में सुधार आइल हौ। हलांकि अबहिनों लखीमपुर खीरी, कुशीनगर, शाहजहांपुर, बाराबंकी, सिद्धार्थनगर, बलिया, गोरखपुर, हरदोई, अयोध्या, बदायूं, देवरिया, उन्नाव अउर महराजगंज जिला क सोरह सौ से बेसी गांव बाढ़ि से परभावित हवे। गोरखपुर में राप्ती नदी क जलस्तर घटल हौ, तब्बो ऊ खतरा के चीन्हा से उप्पर बहि रहलि हौ। ओहीं सिद्धार्थनगर में बूढ़ी राप्ती अउर गोण्डा में कुवानों खतरा के चीन्हा से उप्पर बहि रहलि हवे। राहत आयुक्त कार्यालय से मिलल जनकारी के हिसाबि से बाढ़ि परभावित इलाकन में एनडीआरएफ, एसडीआरएफ अउर पीएसी फ्लड बटालियन तैनात हइनि। बाढ़ि परभावित जिलन में प्रसासन की ओरि से राहत क समान बांटल जा रहल हौ।

**********